**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–31.01.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

संसदक बजट सत्र आइ सँ आरंभ भऽ गेल। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू दुनू सदनक संयुक्त बैसक कँ संबोधित कएहलनि। श्रीमती मुर्मू कहलनि जे एनडीए सरकारक तेसर कार्यकाल मे तीन गुणा तेज गति सँ काज भऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे सरकार के निर्णय मे गरीब मध्यम वर्ग, युवा, महिला आ किसान सभ कँ प्राथमिकता देल जा रहल अछि। राष्ट्रपति केन्द्र सरकारक विभिन्न योजनाक उपलब्धि सभक चर्चा करैत कहलनि जे भारत वर्ष दू हजार सैंतालीस धरि विकसित राष्ट्रक लक्ष्य कँ प्राप्त करबाक दिशा मे बढ़ि रहल अछि। ओ कहलनि जे सरकारक प्रयास सँ आइ भारत विश्वक सभ सँ पैघ अर्थव्यवस्था बनबाक दिस अग्रसर अछि। श्रीमती मुर्मू कहलनि जे समाजक अंतिम पायदान मे ठाढ़ लोक सभक सरकार योजनाक आब सीधा लाभ भेटि रहल अछि जे देशक विकासक एक प्रमुख संकेतक अछि। ओ कहलनि जे पछिला दस वर्ष मे पच्चीस करोड़ लोक गरीबी रेखा सँ बाहर निकलि गेलाह अछि। श्रीमती मुर्मू कहलनि जे सरकार मध्यम वर्गक योगदान कँ स्वीकार करैत हुनक कल्याणक लेल सोचि रहल अछि। राष्ट्रपति कहलनि जे आठम वेतन आयोगक गठन सऽ सरकारी कर्मचारीक वेतन मे वृद्धि होएत।

---

केन्द्रीय वित्त मंत्री निर्मला सीतारामन आइ संसद मे अर्थिक सर्वेक्षण प्रस्तुत कयलनि। एहि मे वित्तीय वर्ष दू हजार पच्चीस मे देशक वास्तविक सकल घरेलू उत्पाद– जीडीपी मे छओ दशमलव चारि प्रतिशतक वृद्धि होयबाक अनुमान अछि। आर्थिक सर्वेक्षण मे कहल गेल जे देश मे कृषि आ सेवा क्षेत्र द्वारा समर्थित स्थिर आर्थिक विकास प्रदर्शित कयलक अछि। एहि मे जनाओल गेल अछि जे रिकॉर्ड खरीफ उत्पादन आ अनुकूल कृषि परिस्थिति सभक कारणे ग्रामीण मांग मे सुधार भऽ रहल अछि। सर्वेक्षण मे जनाओल गेल जे कमजोर वैश्विक मांग आ घरेलू मौसमी परिस्थिति सभक कारण विनिर्माण क्षेत्र के दबावक सामना करय पड़ल। निजी खपत स्थिर रहल जे स्थिर घरेलू मांग के दर्शबैत अछि। सर्वेक्षण मे चर्चा कएल गेल अछि जे राजकोषीय अनुशासन आ सेवा व्यापार अधिशेष आ स्वस्थ प्रेषण वृद्धि द्वारा समर्थित मजगूत बाहरी संतुलन व्यापक आर्थिक स्थिरता मे योगदान देलक। सर्वेक्षण मे जनाओल गेल जे दू हजार एगारह–बारहक स्थिर मूल्य सभ पर देशक जीडीपी पहिल तिमाही मे छओ

दशमलव सात प्रतिशत आ वित्त वर्ष पच्चीस मे पांच दशमलव चारि प्रतिशत बढ़ल।

——————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बजट सत्र सँ पूर्व अपन संबोधन मे उम्मीद जतौलनि जे ई बजट सभ देशवासीक लेल कल्याणकारी होयत। श्री मोदी कहलनि जे हुनक तेसर कार्यकालक ई पहिल पूर्ण बजट अछि। ओ जनौलनि जे विकसित भारत दू हजार सैंतालीसक लक्ष्य के प्राप्त करबाक दिशा मे ई बजट देश के नव ऊर्जा देत। श्री मोदी कहलनि जे ई बहुत गर्वक बात अछि जे भारत एक लोकतांत्रिक राष्ट्रक रूप मे पचहत्तरि वर्ष पूरा कऽ लेलक आ वैश्विक स्तर पर अपन पहचान बनौलक अछि। प्रधानमंत्री संसदक सभ सदस्य सँ देश के विकसित राष्ट्र बनेबा मे योगदान देबाक अपील सेहो कयलनि।

——————————————————————

बोधगयाक कालचक्र मैदान मे आइ सँ अन्तर्राष्ट्रीय बौद्ध महोत्सवक आरंभ भेल। हमर संवाददाता जनौलनि जे पर्यटन विभाग द्वारा आयोजित एहि कार्यक्रमक आइ सांझ केन्द्रीय मंत्री जीतन राम मांझी, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा संयुक्त रूप सँ उद्घाटन कएलनि। महोत्सव मे जापान, थाइलैण्ड, बांग्लादेश, वियतनाम, तिब्बत, कम्बोडिय, कोरिया आ म्यांमार सहित कतेको आन देशक बौद्ध भिक्षु सम्मिलित होएताह। तीन दिन धरि चलएवला एहि महोत्सव मे देश–विदेशक नामी कलाकार अपन प्रस्तुति देताह। एकर अलावा फिल्म महोत्स, कला महोत्सव आ फूड फेस्टिवलक सेहो आयोजन कएल जाएत।

——————————————————————

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति द्वारा आयोजित इंटरमीडिएट के सैद्धांतिक परीक्षा काल्हि सँ आरंभ होयत। परीक्षाक आयोजन पंद्रह फरवरी धरि दू पाली मे होयत। समिति जनौलक जे परीक्षा मे बारह लाख बिरानवे हजार सँ बेसी अभ्यर्थी सम्मिलित होयताह। समितिक अध्यक्ष आनंद किशोर जनौलनि ज अभ्यर्थी सभ के परीक्षा आरंभ होयबा सँ एक घंटा पहिने परीक्षा केन्द्र पर पहुंचब होयत। परीक्षाक दरमियान सभ केन्द्रक दू सय मीटर के दायरा मे धारा एक सय चौवालीस प्रभावी रहत।

——————————————————————

प्रदेश मे न्यूनतम आ अधिकतम तापमान मे वृद्धि होएबा सँ ठंढ़ा मे कमी आएल अछि। मौसम विज्ञान केन्द्रक अनुसार अगिला तीन दिन धरि राज्यक अधिकतर भाग मे न्यूनतम तापमान मे वृद्धिक क्रम जारी रहत। ओतहि भोरक काल हिमालयक तराई क्षेत्र मे घनगर कुहेसक स्थिति बनल रहबाक पूर्वानुमान जनाओल गेल अछि।

समाप्त